

Pembantoe sareng agen: Priangan koeleon M. Sahari - Bogor Priangan tengah H. B. Pasonden Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan M. G. Kartaatmadja Tjiamis Djawa wetan: Blaoeran G II No. 33a Soerabaya.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Soekapoera Prekkesi Tasikmalaja.

Table with 5 columns: LANGGANAN (Subscription rates), Redactie (Editorial office), Redaktoer (Editorial board), Directie (Management), and Pangaos ADVERTENTIE (Advertising rates).

Wartos ti Directie. Enggal artos langganan kwartaal kadoea (April-Juni) kintoenkeun Ngawitan Minggoe pajoen noe djadi Verantwoordelijk Redacteur Sip. Djr. Atmawinata deui.

Pahujeuk - heujeuk leungeun. . . . ngindoeng ka waktos ngabapa ka djaman . . . (ab. No. 347 dina Sipatahoenan No. 37).

nen zoowel als bij volken. Hulp van anderen werkt dikwijls verzwakkend; hulp door eigen middelen versterkt steels. Pimakoedennana: Pertjaja kana pangabisa (kakoeatan) sorangan eta saenjana noe djadi dadasar kana sagala kamadjoean;

jang kitoe teh, ngan teu njaho koemaha sakana, uon djalanana, soepaja bisa hiroep oelah sangsara teuing bisa barang dahar sedeng, papakean teu goreng-goreng teuing djeung rearea deui. Tjek pikiran pribadi euweuh deui djalan noe koedoe koe orang ditjaba tjoba diheulakeun, nja eta ngadegkeun pagoejoeban cooperatie noe santosa.

Tapi karereanana mah noe matak teu daek oeroenan kitoe teh lantaran teu ngarti atawa koerang pertjaja ka noe ngoeroesna, anggoer boga dooit mah ditjengtelengkeun atawa tjeuk noe resep pelesiran mah anggoer pake njewa deiman, meuli, sigaret laladjo bioskop karasa ngeunah na.

Ti pipir hawoe. Poé Minggoe oelin ka lemboer neangan hawa bersih. Barang geus leumpang sateuagah djam, papanggih djeung djelema noe nanggoeng pare, ambekeunana reunghap radjoeg tjapeun.

Sim koering emoet keueh kana saeorna djr. Darna Koesoemah dina hidji kongres di Bandoeng (oepami teu lepat Java Inst. Kongres) kieu: "In het heden ligt het verleden, in het nu wat worden zal."

En zij, die niet alleen verftind en diepzinnig, maar ook machtig en breed en volop menschelijk waren, zij beseften de betekenis van hun tijd . . . (Sarta arandjeunna noe lain bae ngan loehoer boedina, sarta djero manahna, tapi oge kawasa sarta pinon koe adat kamanoesan, arandjeunna oeniuga hartosna waktos teh).

Tadi geus ditjaritakeun Cooperatie teh bartiua (Co = bareng) babarengan digawe djeung djelema rea pikeun Cooperatie ngoedag hidji maksoed. Atoeran Cooperatie teh di Nederland ajana dina wet 17 November 1876 (Stb no. 227), sarta aja palanggaranana art. 336, 342, 343 Strafwetboek pikeun bestuur pagoejoeban cooperatie oepama ngaroeksak kana pagoejoebanana.

Pikiran. I Toengkol ka: Oeroet. Tanggah ka: Bakal. Tarima koe; Ajeuna. Ninggang di djalma daek. Sagala pek; keukeuh, angkeuh, pageuh njekel Hidji.

Sareng padjeg teu bedjani mah bae Geoperemen, nanging njeun sakola desa oerang desa noe ngongkoman, djalan roeksak oerang desa noe meresken.

Tjek si Waroe, ah engke dina boelan Anoe hajang boga pare tjere satjaeng. Tjek meiak ti ajeuna, ihti, ar ti ajeuna, engke dina waktosna dipake nja aja boektina. Tjek si Dadap, anak dewek mah engkana rek sina djadi prijaji. Pek dihiitiran ti ajeuna, dioeroes, disakolakeun, dipoeutang-poeutangeun ka noe bisa mere djalan. Biasana nja aja boehna: hajang boga anak djadi santri nja dipasantrenkeun sina diadjar ngadji.

tijd = geld, tapi oerang ieu bae: waktos = rahajoesna intjoe, djaman = merdikana anak. Tapi pangpangna noe kedah diheulakeun hiroepna Sipatahoenan, dipakajakeun. Bentjenoeer hoeloe, boletjak tarang, koe simkoering dibelaan ti kadjaeohan. S. d. H. Semarang postmerk!

Saejajana ieu teh katjida gampang na asal bae oerangna setia djeung sa ichwan djeung lid-lid noe sedjen. Geuning di kampoeng kampoeng oge mindeng kadjadian kieu: "Hajoe suj, oerang babarengan meuli boeh ka Ba tawi. Doeitna koempoelkeun heula sarta ongkosna oerang bagi-bagi bae, sabab oepami meuli kieu mah babarengan, sok leuwih moerah batan oepama oerang meuli ti babah. Anoe sabab eta mah ngala batina kadoea katiloe atawa kaopat kalina. Tah ieu teh saenjajana padamenna pagoejoeban Cooperatie dagang. Ajeun na ngan kari nosloejkeun. Lain bae meuli boeh, tapi meuli sagala roepa noe perloe keur oerang. Doeitna lain meunang ngoempoelkeun kitoe, tapi diand lkeun. Djadi oerang teh ngajakeun modal heu a.

Lain tjara oerang rea, pikiran ngarantjaban, tjahjana ka mana mana. Kitoe margina. oerang mah . . . boekti tara djadi. Kitoe soteh kapoengkoer, geugeuj ka haroup mah: "Doe één ding tegelijk!" II Di Soenda: Patani noe apik, dimana manehna rek njawah isoeik-isoeik manggoel patjoel, ural ka sawah. Memeh prak mapatkeun palakiah heula, kieu: Patani matjoel toedjoeh ketjoel. bari mepet napas. III Lamoen rak iudit-inditan: toedjoeh langkah mepet napas. Ieu tiloe tjonto oeroet noe kapoeng koer tapak noe baheula; ana prak ditoeoetan koe oerang ditjaba-tjaba, kabeh ge koempoel dina lk doe één ding tegelijk! Maksadna lain pageuh tjekel hidji

Njeboetna kaberoe beurang. Dipikir pikir oepama diterangeun pandjang rada hese nerangeunna kana naon dipakena dooit padjeg, lantaran eta djelema njahona ngan di desana bae. Ari di desana mah da enja teu ngarasa pisan kana naon eta padjeg teh dipakena. Solokan solokan sok dipigawe koe oerang desa. Djadi Gelenjoe meureun eleh lila-lila oepama didebat koe noe nanggoeng pare tadi, Ari ras inget Gelenjoe oge didondog padjeg teh lantaran tatjan kabajar. Lah koemaha atoech na koerang rikrik Geleojoe teh, na koedoe koemaha atoech? Tjing toeloengan Geleojoe ajeuna mah teu bisa ngageleujoe tapi. Bingueng.

Di Eropa moal enja aja perang noe sakitoe gedena, lamoen tadina bentou dihadja, dipikarep, sagala kaperloean perang disadiaan, ditambahan, digedean. Nja kitoe deui oerang, lamoen oerang mikahajang soepaja tanah Pasoendan madjoe, mangga oerang padjoekoeun, oerang djoengdjoengkeun koe sarerea saeoeer noe mikanjajah ka tanah Soenda, bangsa Soenda toeroenan sorangan. Bentou perloe oerang njalindoeng ka batoer, menta toeloeng ka batoer, da batoer mah batoer ngaranna oge, sedjen kahajangna, sedjen kaperloeanana. Geura ieu aja dalina (Samuel Smiles): "Het vertrouwen op eigen kracht, is de bron van alle gezonde ontwikkeling, bij afzonderlijke perso-

Memeh oerang ngamimitian ngadeg keun pagoejoeban Cooperatie, oerang koedoe bisa mitjeun heula adat oerang noe goreng saperti: adat kadjeunan adat teu tjeuban, bosenan, ngewaka pala batoer djeung rea? deui teu koedoe ditjaritakeun kareh; da pada njarah naon noe goreng djeung naon noe a oes, ngan kari ngadjalankeun. Tapi sabalikna ipoeuk adat setia ka papada manoesa daek barempoeng djeung pada batoer dina sagala roepa resep digawe, gemi djeung rea rea deui, k ri ngadjalankeun da karereanana pada njarah. Hajang hiroep sanang, hajang seubeuh sandang ipangan, karereanana di bangsa oerang geus baroga kaha-

ngan kari nosloejkeun. Lain bae meuli boeh, tapi meuli sagala roepa noe perloe keur oerang. Doeitna lain meunang ngoempoelkeun kitoe, tapi diand lkeun. Djadi oerang teh ngajakeun modal heu a. Oepama di desa eta teh aja djelema 500, noe djadi lid. toeloj saeorangna oeroenan meuli andil saeorang na pangsaeutikna meuli saandil, djadi noe koet mah leuwih hade meuli andil rea. Modalna koerang leuwih f 500.— Pirakoe soegan beureut oerang saeorang saeopia. Sakabeh djelema oge tangtoe geus ngarasa boga dooit saroeopia mah.

Maksadna lain pageuh tjekel hidji

Perloe Oeninga! Robahan anjar (Regentschapsraden) Boekoe Lid Raad Kaboepten eusina roepi-roepi kaperloean noe kedah dikanjahokeun koe oerang pribomei kenging ngatoer Rd. Tresna Mantri Kaboepten Tasikmalaja. I boekoe pangaosna f 0,50 ngagaleuh seueur dipetong 10%. Didjoel di Toko SADERHANA Stationsweg 41 Tasikmalaja.

Goena perniagaan

Saer Djr. Wirasamita

Pribados ajeuna bade njamboeng tjatoer, neraskoen lalaoenana djr. Nawawi, oepamina Goena Perniagaan parantos ngadeg di Tasik sareng di tempat tempat sanes, doenza teh manawi mah usa anoe aing bae. Geura mangga, oepami oerang bade njaba ka Bandoeng atanapi ka tempat sanes teh anoe aja tjab. G. P. henteu kedah raridoe, sareng hariwang ngabantoen artos, sapertos ajeuna, sok bae di dieu di storkeun engke dongkap ka Bandoeng dibantoen, manawi mah asuna teh njaba, boh bade pelesir, boh bade balandja asa ngaherang ngaherang.

Djabina deui, oepamina oerang parantos ngadeg - ngadegkeun maskape maskape perdagangan, anoe tadi koe djr. Nawawi dilamoen diadepkeun koe perantaraan Goena Perniagaan tea, euleuh asa beuki reugreug bae atoch.

Djol kadieu beh maskape anoe oerang, dongkap ka ditoe aja tjabang "Goena Perniagaan", indit kapasiasian beh pabrikna atanapi panggilinganana anoe oerang. Mangga sakoemaha bae pibingaleun Goena Perniagaan noe ngawitan ngadamel hidji maskape anoe modalna akit sapertos f 10.000. sareng anoe aandeelna panguas r 10.— (anoe tiassa dipeser koe djalma anoe aralit). Eta maskape perdagangan moeng kana meseran hasil boemi, atanapi naon bae pakasaban oerang di dieu, sapertos lisah s.d.t. Doepi anoe nglebetanana eta hasil boemi teh nja eta anoe parantos lebet kana hidji pagoejoeban anoe didjeudjehkeun koe eta maskape, djadi sajaktona mah eta maskape teh moeng masihan tjoe kang woengkoel, da kacontoe nganana mah kanggo anoe ngalebetan tea. Doepi maskape moeng motoug persen bae. Njaeta noeroetan sapertos suikersyndikaat di Soerabaja, kanggo perdjagian soepados eta pakasaban oerang teh oelah toeroen teuing pangaoes Djadi engke teh.

Maskape aja oentoeng sosen-sosen djalaran kacontoeungan ageung. Doegi modal anoe f 10.000 teh, moeng kanggo perdjagian woengkoel, bilih aja anoe bade ngitjal barang anoe teu atjan lebet kana eta pagoejoeban. Dina waktos eta modal teu dianggep, dilebetkeun di Goena Perniagaan. Geura mangga manahan, sanes djadi rae ka ditoe ka dieu Djabi ti kitoe oerang teh kedah ngahidji. toekang dagang sareng tani, noe mawi di Bandoeng mah parantos aja kempelan padagang sareng tani ane dinarnian "PERDATA", nja pribados djadi Voorzitterna sareng ieu poen Nawawi Secretarisna. Bilih bae bade ngadamel tjabang di dieu tiassa badanten engke oepami parantos beres peratoeran ieu.

Bien djr. Nawawi parantos ngabandingkeun perkawis kacontoe nganana aandeel sareng tanah kebun, nar-ring para djoeragan oelah lepat mangartos, noe mawi bieu pribados nerasan kana pagoejoeban perdata oge. Njaeta aandeel (maskape) koe oerang kedah dipadjoekoen, margi perloe kanggo dagang, 'ari tani teh oepami henteu aja anoe dagang tangtos sesah, njakitoe deui anoe dagang henteu aja anoe tani, mana pibakaleunana, sapertos panggilingan koemaha tiassa djalan oepami teu aja anoe ngebon sampeu atanapi jawah. Tah kitoe noe mawi pribados bieu njabit-njabit ka Perdata teh.

Sareng deui tadi koe djr. Nawawi parantos didadarkeun tina perkawis Cooperatie Vereeniging, moeng ieu mah teu tiassa soteh oepami bade diageungan sarta perdjalaran artos, ari roepi-roepi pagoejoeban mah anoe halaoenana bade rempoeg djoekoen, soepados tiassa smontoeng. henteu matak djadi pamangan oerang ngadamel COOPERATIE, sapertos, ngadamel N. V. ditambah koe pagoejoeban anoe kasebat tadi, eta oge kenging disebat Cooperatie, margi, barang dipasrahkeun ka eta Maskape, nanging kacontoeungan sanes kanggo maskape, moeng kanggo anoe ngalebetan. Tah di dina oge parantos njata, jen Cooperatie teh kedah aja anoe ngadjeudjehkeun anoe aja modal, kakara tiassa madjeng, oepami teu kitoe mah moal aja kadjadi anana, Geura oerang taloengtik anoe dilamoen tadi sapertos:

A. ngaoepkeun pare 80 pikoel)
B. id. 50 id.) ka na harga anoe parantos ditetepkeun

aja oentoeng koe pagoejoeban tea, di itjalna ka maskape. Tah oepami koe maskape parantos diitjal deui langkoeng tina pameseran tadi, artos teh tina noe 80 sareng 5 poeloeh pikoel diwangselkeun deui ka anoe ngitjal tadi, sanes sapangaoes anoe parantos ditetepkeun nanging kana pangaoes pangitjalian, dikirangan koe persenan kanggo kacontoeungan maskape sareng ongkos-ongkos. Ieu oge kenging disebat Cooperatie, margi modal teh hen teu tetep. Harpana pare didamel mo dal.

Njakitoe deui oepamina oerang hajanng terang ngitjal ka pasar ageung tangtos kedah ngadamel contract. Tuh ieu contract teh diitjalna kana takalan bae, henteu kana boekti margi oepami pare oerang teh ten atjan diboeat, oerang kedah parantos ngitjal bilih engke henteu aja noe meser.

Oepami alit-alit mah tangtos tiassa ari seueur seueur hamo, harga tangtos toeroen. Boektina kapan anoe ngitjal copra atanapi naon bae hasil boe ini, oepama oerang ngitjal kataungkoe lak mah sakitoe dimimirahina, naha ari langkoelak ngitjal ka pasarna mah sakitoe loehoerna dongkap ka nikel. Tah ieu teh koe oerang kedah ditarekahan soepados eta kacontoeungan oelah koe deugeun tapi kedah koe anoe ngadoehkan tanah, nja eta oerang sareng priboeimi anoe ngaloe arkeun kesang tea, njaeta oerang keneh. Koe perdjalaran kitoe oerang teh soegan moal kaselek teuing.

Kiesman Tawangsari Tasikmalaja.

Ping 10 Mei '25 di bale desa Tawangsari (Tasik) bade aja pilihan kiesman, nanging koe margi noe soempiung kirang tina sapatrapatna seueurna noe gadoeh hak milih pilihan teu didjalankeun, nanging kiesman-kiesman sadaja dibenoem koe koemisi.

Noe dibenoem, nja eta: 1 Djr. Nataprawira Mantri Goeroe Ie. H. I. S., 2 Djr. Prawiranata goeroe H. I. S. Pasoendan, 6 Djr. H. M. Djadioeri Tani, 4 Djr. H. Cortobi Dagang, 5 Djr. Atmawinata Goerne H. I. S. Pasoendan, 6 Djr. Tresna Mantri Kaboepaten, 7 Djr. Tanoewidjaja Werkbaas B. O. W., 8 Djr. H. Samboedi Dagang, 9 Djr. Roesdi Dagang, 10 Djr. H. Joesoep Industriool, 11 Djr. Kd. Wangsanagara Djaksa, 12 Djr. H. Adjhari Tani, 13 Djr. M. Joenoes Ka-oem, 14 Djr. Dahjan Dagang, 15 Djr. H. Moegni Dagang.

(Locar Tanggoengan Redacties) Sela - Sela.

Djisim koering noedjoe ngaroekeun keneh heabna huwa laeot, anoe sakitoe panasna, dikeboetkeun koe Djoeragan Bakrie ti Soerabaja, ana hiliwir angin alit ngadalingding ane matak seger kana badan, djolna ti seekoe goenoeng Galoenggoeng, dibenerkeun koe Djoeragan Moesa ti Indihiang. Lah, aja raos!

Noehoen, Djoeragan Moesa!
Namoeng djisim koering mangaringgi-keun ka Djoeragan Moesa, bok bilih andjeunna sapertos domba bikang, anoe karep njapuh domba djaloe keur diadoe; gen domba bikang nagen di tengah-tengah, ana djebrod kateunggar koe doeanana. Oepami andjeunna leres njandak djalan tengah mah, anoe disebat djalan parada (de gulden middenweg), kantoen saena. Namoeng, doeka atoeli!

Djoeragan Moesa, djisim koering sedja naros, ka Djoeragan, namoeng moega oelah henteu raos manah: "Seseratan djisim koering teh dina Sipatahoenan anoe ti pajoen, diaos leres-leres koe Djoeragan? Margi oepami diaos sadajana mah, teras dilenjepan, kantenan koe Djoeragan kamauah, anoe dimaksud didinja teh sanes sing sarewa akal kaedah, namoeng politik oeroesan nagara."

Lah, ari anoe kirang loelang, panginten teh anoe sok disarebat politik, moeng saeutik boektina, sihoreng elmoie mais ontjom oge disebatna politik geuning. Namoeng djisim koering henteu atjan terang ngaranna politik anoe saroeipi kieu. "Ngasaaleuh, koelan?" "Aja goreng ontjom?" "Teu aja, aja oge politikna bae. POLITIEK-ONTJOM, noen!" "Ari elmoie mais dage naooon pingaraneunana?"

Toeh, Djoeragan Bakrie, da kitoe.

Oh, Djoeragan Moesa, hedjo-hedjo oge djisim koering mah hajanng bae ari artos mah. Baeu, Djoeragan, ka djisim koeringkeun bae artos tai hianngan teh, ari Djoeragan henteu kersa mibanda mah, pedah kotor; bro masing saboboko oge; engke dilironan koe mangsi beureum koe djisim koering. Sakawitna djisim koering gadoeh emoetan bade nepangan Djoeragan Moesa ki Indihiang, namoeng ajeuna mah moal tjios, margi andjeunna kapoengkoer njarioskeun kagoengan andjing galak doea: anoe hidji osok ngagogogan bae, anoe sahidji deui osok ngegel. Brrr, djisim koering mah sieun!

Tjik saba anoe resep digogogan andjing? Geuning ari hantem bae ngagogogan mah, henteu kenging disisi, sanaos henteu gep oge ngegel, sok dibaledog koe anoe digogog, sanes?

Hawatos koe Djoeragan Moesa, wireh andjeunna ewed manah, kagoengan andjing henteu kenging diwarah, osok ngagogogan bae, ana ngagaleuh deui andjing anoe tara ngagogog, ah, osok ngegel! Kersana mah, mana ngagaleuh deui andjing oge, soepados anoe asal tea repeh ngagogogonana.

Atoeh, lepat, Djoeragan. Sanes kedah ngagaleuh deui andjing, oepami hojong oelah roedet manah, namoeng eta andjing kerem, oelah sina kaloe ar, ari oelah dibaledog batoer mah, bongnan osok ngagogogon anoe henteu toea henteu dosa.

Ieu djisim koering njarios soteh sakieu sanes pisan djisim koering ngadadoehkan teabat baloedag-baledog ari sanes baledogeunana. da tara ngarempak wangsitna Paradij, djisim koering mah, namoeng noe moetkeun ibarat-ibarat anoe dianggo koe Djoeragan Moesa bae, sareng oepami aja njentoegna ieu tjarios ka sala-sawios anoe masos, wireh nganggo ibarat rada hina, moegi rekeningna dikintoeunkeun ka Indihiang, djisim koering mah darina njoesoel. noen.

Poenten Djoeragan Moesa, oerang susalaman, wireh bada boboran Siam.

Wiratmadja.

Manondjaja, postmerk.

Kapoengkoer dina Sipatahoenan No. 16 parantos ngadadarkeun Isarah Radja "Pakocan" ka I. Doepi ladjengna anoe ka II sakoemaha di handap ieu.

Ini toelis ti noe leuwih Tapak tangan ti Dewata Dewata noe bisa molah Sakendeung sakola kapeng Basa njoesoek Tjihaliwoeng Di lelelekkong Tjisadane Tjai teh kiroeh ti hilir Tjai teh kiroeh ti girang Di tengah tjunembrong herang Pangloemajan ramboet pondjang Nja hoeroeng basana toeroen Nja herang basan datang Kadjarah koeda Sandjaja Koeda loempat ti Pakoeran Tikoekeur dilioeng goeloeng Goenoeng dilioeng tikoekeur Indang kasih noe ngajadi Indang larang noe ngajoea Noe aja di pagoeingan Oemoer lima welas taoen Keur mendjeh roemadja poetri Larang djadi di Soemedang Di moehara Tjibantala. Bandar-Omas panjangkraman Goenoeng Tjongkrang Pamojanan Darma wangi geusan mandi Tiba soe'ana di Darmaradja Harita di kawenangeun Gadjahna di Singapoera Noengganua di Singawelas Sagara herang koe maneh Kausneh oerang Pagaden. Toeloena ka Pamanoeakan Tiba gerah di Karawang Basana di Tandjoengpoera Koetana di Koetamaja Sindang ka Parakau moentjang, Toeloer loemantoeung di Bandoeng Bari ngoekoer-ngoekoer hampoeb Ngandjangna ka Batoelajang Dina badjong Bodjongnangka Tjtjingna di Tjilamadjang Mangkoekna di Pager-Ageung Alana di Djampang-anggoeng Noe ngiring oerang mandiri Ngalelekkong ngabebekong Rajang-rajang njatang pinang Raja pare Tondjong lajang Nangka boeroeng boeroeng nangka Koe Tjimoelang kapengpeukan.

Tjatang larang larang tinggal Katoembiri sisi langit Sindang heula kahoeripan Noe ngedjo di eureun ngowo Moendoet sangoe ti Maroejoeng Lalabna ti Wanabaja Pananggoeng oerang Tjihaoer Toeloer angkat ti Limbangan Lampitna ti Soelambitan. Nee noong oerang Malaugbong Noe saeka Soekawajana Badaja di Soedalarang Manah toeloer noedjoe pitjoeng Na Soetji miloe ngadjadi Djenoengna di Timbanganten Panoembong manana kosong Geus tjaik di Kandangwesi Sindang heula ka noe ngora Atina keur naradjoean Toeloer njoeroep ka Galoenggoeng Bari nitah ka Manangga Ksaudih koe Indihiang Harita samar polahna Nja alas mindi Tjiawi Bodjong Galoeh pangloengan Banagara ser katengah Oetama amis koe maneh Basa seren ka Kawasan Basa tjejtjok di Pamotan Toenggis njampakkeun boemi Koempoolan di Lintoeng maeng Naheun boeoe meunang pare Pandjang salawe geus leungit Ngango sindang tatambalau, Koempoolan para aksari Nandjoeng marga garamaja Ngaranna manik Goemilang Tetep larang di Soemedang Noe si lemah noe ngadjadi Noesa tigang poeloeh tiloe Noe tiloe djadi embanan Embanan Tadj Malala

Hoermatna, K. A. P.

Lebak Goenoeng Ardilaja.

Sb. Sip. no. 46

Tjipanas.

Atanapi, naha moal tiassa kadjadian, eta bentjar sareng siteo hiang teh koe diojagkeun lini noe ageung teras ngahidji, sarta koe djalanna tjai eta bentjar teh tangtos dina sakedet metra ngeugangan. Koe emoetan djisim koering engkena tiassa oge kadjadian sapertos di Goenoeng Keloet.

Eta siteo hiang tjaina ti Tjibandjara sareng solokan solokan aralit noe aja di Goenoeng. Di dina eta tjai teh kempel teras lebet ka djero taneuh ngotjor mapaj mapaj taneuh apoe ka anoe panas, noe mawijana kaloe ar tja ina panas nja ngadjadikeun tjipanas tea.

Sabaraha djerona eta siteo hiang teh? Naha eta teh susina tjai woeng koel, atanapi seueur keneh leutakna?

Koemaha kinten-kintenna eta Tjibandjara teh tiassa oepami dipengkol keun djalanna, soepados siteo hiang tiassa saat, Oepami kitoe mah tangtos sadaja tiassa kaonina. Tjenah, oepami aja keneh bahaja kabandjiran tjai sareng leutak, atoch kantenan koe loeloemajan oge tiassa ditjegah; sapertos dihidjikeun kana bentjar noe ageung tea. Kitoe oge oepami eta siteo hiang tea tiassa disa atkeun.

Namoeng eta njaatkeun siteo teh sanes padamelan loemajan, kedah atos-atos pisan, sapertos dina mengkol keun Tjibandjara sareng solokan-solokan aralit, teras ngadamelna soeoe kan pikeun ngahidjikeun siteo sareng bentjarna tea.

Sareng soeoeakanana teh kedah seying dijeroan, soepados siteo tiassa saat pisan.

Tina perkawis njaatkeunana tangtos pisan kedahna mah dipngpin sareng dipidamel koe patoekangan anoe palalinter tina perkawis eta padamelan. Saena mah ieu perkawis oerang sanggakeun bae ka Geologische Dienst (padamel taneuh sareng goenoeng).

Tjek timbangan, Geologische Dienst iasa mariska ieu perkawis sareng ma sihan nasehat.

Moegi-moehi bae tina perkawis eta padamelan teh djadi kamadjenganana.

N. M.

Panjamboeng. Tah bajoe padjengkeun Tjipanas keur ngawoeohan karahardjan oerang Tasikmalaja. Madjeng Tjipanas!

Red.

Priangan palih ti Wetan.

Di Tjamis waktos-waktos ieu keur rame milih Kiesman. Di bawahan

onderdistrict Bodjong geus milih di: deesa Oetama tg. 1-5 1925.

- 6 djago noe kapilih 3
- 1 R. D. Bratadisastra met 242 stemmen
- 2. R. Wirapermana met 234 stemmen
- 3 H. Hamim met 192 stemmen
- deesa Dewasari tg. 2-5-1925.
- 7 djago noe kapilih 4
- 1 M. Arsadiradja met 186 stemmen
- 2 Ass. Wedana pensioen met 192 stemmen
- 3 Raden Ardikoeseomah met 186 stemmen
- 4 Karnaatmadja met 119
- deesa Pamalajan tg. 3-5-1925
- 11 djago noe kapilih 4
- 1 Mas Sastrapadja met 255 stemmen
- 2 M. G. Kartaatmadja met 238 stemmen
- 3 Natapradja met 216 stemmen
- 4 Amsari met 213
- 5 Mas Moedapradja met 206

Ningal ieu 3 pilihan kantja kawon. Tengah mokaha katoeloe oenggoel!

M. G. Kartaatmadja

Kiesman Pamalajan (Tjamis)

Bandjengkeun.

Pikeun golongan anoe rada ngarti njaho enja-enja jen enja koedoena di ajean batjan atawa soerat kabar, gampang pisan madjoena kana matja bales kana tatanja, silih berenkeun kalakoean atawa pikiran, saperti golongan S. S. bae heulaanan, leuleutikan ngabogaan soerat boelanan noe dingaranan SI TETAP basa malajoe eusina woengkoel kaperloean pagawe SS. antara kaem boeroeh djeung madjikan, eta koran mani asoep ka siklak sikloekna s. s. boekti rea bangsa koeli oge anoe narima, nadjan teu bari sa matja oge, dibelaan disoesoehoen dititimaug, sadatangna ka imah toeloer neangan noe pimajjaen dibelaan moeroehan, sakitoe garoemataca paga we-pagawe S.S kana organana. Koemaha pembesar-pembesar S. S. ngang gapna kana eta soerat kabar; histeu aja open teu naon, ngan dimana aja noe njereng, oepamana nja dilawan nepi ka beresna, teu make soempoet salindoeung, soemawonna kana maen baikot mah henteu, tamplana mah papahare bae, koelantaran kitoe maradjoena pagawe SS tambah-tambah da rasana angen-angen djeung pamaksadanana kabodalkeun dina eta organa tea.

Oepami sadaja kagoegan manah ki toe manawi silentik rada enggal madjengna.

B.

Dongeng Bapa Saka.

Nepi ka boelan poeasa bapa doderan digawe nja eta inget kana lebaran, tapi sanadjan bloek njoesoh blak nangkarak oge, beubeunangan koeli tah ngan oekoer tjoekeop nepi ka meuli badjoe si Njai bae djeung samping indoengna, ari bapa mah lapoer teu bisa meuli nanaon. Nja toeroes bae digawe saban peuting, djadi bapa digawe teh dobbel djeung ti beurang, nja alhamdoelillah nepi ka tanggal salikoer poeasa bapa ka doega meuli bendo tjatak (ketoe oedeng) mokaha rada oge aloes. Koemaha dipakena, da sareng djeung badjoe mah loepoet.

Poelan lebaran, batoer mah boeng-beng tinggaleboer nembongkeun papakean, ari bapa mah ngalengo bae tina djandela nembongkeun bendo tjatak tea, da ari djeung awak mah teu boga badjoe, atoch silatoerahmi teh bari gegeroan bae tina djandela, teu wani toeroen ka taneuh sapoe djepoet bapa nangtoeng dina djandela nembongkeun bendo tjatak tea, dina hate mah pohara nalangsana beunang koeli beurang peuting datang ka teu mahi keur meuli kampret-kampret atjan aja keneh toeloena.

D.

Kersana saha?

Kersa noe Kawasa?

Waktos Bale rajat (Volksraad) bade diajakeun, bangsa boemipoetra, komo deui bangsa darah satrija, sami bingngah, rehing bakal tampi anoegrab. Namoeng barang parantos loemampah. tetela woedjoedna noe dikinten anoegrab teh damel pertjoemah kabingbah.

Sora boemipoetra tinggal euweuh bargana, kadjaba uoen aseop djadi lid P. E. B. Kotjeak Indonesia tinggal kotjeak.

Barang ngaroeping, jea atoran ngahoujeuk nagara bade dirobah, rane boemipoetra sami ngadalkeun pangadjeng - ngadjeng: "Tuh soegan pirakoe ajeuna mah!" Komo tepami ngomoetkeun tjariosna toean minister de Graaff, dina ping 10 Mei 1924.

Kieu tjariosna teh: "Maksodna robahan grondwet pikeun Hindia nja eta soepaja priboe mi asli dibere kalonggaran noe sapoas-poasna pikeun bisa miloe ngoeroes nagara (pang-pangna di Bale-Rajat)." Nongok tjariosan kieu, asa teu kaleuwihan moeu boga pangarep-ngarep!

Ieu tjariosan koe toean minister de Graaff, diterangkeun pisan, kieu: "Koe sabab kaperloanana: ponting pisan, priboe mi asli wadjib di Bale-Rajat disadiaan pitempateun saperti noe geus kasebet dina rantjangan." Sapertos para sadereh noe maraca ieu koran parantos aroeninga, Bale-Rajat, noe kasebat dina rantjangan, badena didjadikeun 60 elid sareng hidji presiden: Ti noe sawidak bakalna tiloe poeloeh pikeun boemipoetra, sakirang-kirangna salawe pikeun oerang Walanda sareng paling seueur lima sadiaan oerang asing (Vr. Oosterlingen) Perkawis ieu parantos di badantenkeun di Tweeda Kamer di nagri Walanda, malahan parantos poetas. Poetoesanana pikeun oerang elias peubeur deui bae. Satengahna tina seueurna elid pikeun boemipoetra dianggep seueur teuing. Alesanana . . . karisi. Risi koea, risi kieu, bisi djadi noe lain-lain. Koe margi eta toean Feber, tjenah ahli tina bab-bab, noe tjoemantel sareng ajana Indonesia, parantos madjerg-keun "amandement", noe maksadna soepados pitempateun priboe mi dikira sareng pitempateun Walanda ditambah, kieu kahojongna teh: "Pitempateun sadiaan pikeun boemipoetra namoeng salawe, pikeun oerang Walanda sakirang-kirangna tiloe poeloeh, pikeun oerang asing paling seueur lima sareng sakirang - kirangna tiloe."

Noemoetkeun poetoesan ieu amendement parantos ditetepkeun. Saha noe rasos? Saha mesem? Noe gadoeh lakon di djaman ieu! P. E. B. sabatoerna!

Koe maha ari oerang? Aja noe soeka, tangtos aja noe doeka. Aja noe begar, tangtos aja noe hoeman-deuar. Aja halueang, tangtos aja tjitangis. Di batoeer soekana, hegarna sareng halueungna di oerang doekana, handeuarana sareng tjitangisna. Namoeng pirakoe langgeng. Moal tiasa langgeng. Kedah siligenti. Oerangna oelah bosen, atanapi kapok ihtiar, poma kedah sabar, tawekal, ngantoes ngantos waktosna kasereuan gadoeh lakon.

Djadi Bale-Rajat teh kapajoen mah, pikeuna bangsa oerang langkoeng-langkoeng ti noe parantos-parantoe.

Apan ajeuna mah seueurna lid bangsa oerang teh satengahna tina seueurna lid. Geuning naha bet kito "anoegrah abeng" teh. *)

Odin.

Sawatawis katerangan kenging njoetat tina karanganana toean Al-bards dina Ind. Volk.

Koemaha pikiranana oerang Soenda. Red Sip. parantos nampi deui boekoe ti H. B. Pasoendan di Bandoeng ngaranana "Koemaha pikiranana oerang Soenda."

Eta boekoe noe katiloe njarioskeun robahan paparentahan di Indonesia.

Djilid ka I sedeng, djilid ka II sae, djilid ka III mah pangsaena. Mangga dimana hodjah Soenda? Tembongkeun, jen oerang Soenda teh enja hajang merdika tina sagala roepa. Anoe teu nampi boekoe enggal njeratan ka H. B. Pasoendan Ban doeng atanapi taroskeun ka tjabang tjabaangna. Perdio teu kedah ngagaleuh minangka katjintaana H. B. Pasoendan ka oerang Soenda bae. Mangga djr. djr. oerang Soenda deudeul Pasoendan. Kapajoen oepami perloe bade ditjarioskeun eusina eta boe koe langkoeng pandjang. Hatoer noehoen Red ka H. B. Pasoendan.

Djilid ka I sedeng, djilid ka II sae, djilid ka III mah pangsaena. Mangga dimana hodjah Soenda? Tembongkeun, jen oerang Soenda teh enja hajang merdika tina sagala roepa. Anoe teu nampi boekoe enggal njeratan ka H. B. Pasoendan Ban doeng atanapi taroskeun ka tjabang tjabaangna. Perdio teu kedah ngagaleuh minangka katjintaana H. B. Pasoendan ka oerang Soenda bae. Mangga djr. djr. oerang Soenda deudeul Pasoendan. Kapajoen oepami perloe bade ditjarioskeun eusina eta boe koe langkoeng pandjang. Hatoer noehoen Red ka H. B. Pasoendan.

Dilahirkeun.

Malem Rebo Pon tanggal 1 April 1925 sanes heureuj, Mas Priatman di lahirkeun. Noehoen, aja hibar paudoe nga sadaja, salamet teu kirang sawi-os-wios.

Hormat

noe djadi bapa en indoeng

M. G. Yartaatmadja

en

Nji M. Koeratsia

Timbang Windoe 1 April 1925

Koropak.

Broeder Pekalongan. Lah aja awas asa djaman sok babadaman handapeun katapang keur waktos sakols di Poerworedjo. Noehoen kana pangdeudeul.

Broeder Panita. Atoeh sanes roedjit ari seueur koempoelan di desa mah.

Asal koempoelanana bae oelah noe boga maksod goreng. Malah oepama oerang roemasa papada manoesa mah toengtoen sing bener koempoelan teh da ajeuna djamanana oerang boga koempoelan teh. Koe Pamarentah dipasihna Raad Kabupaten, Raad Provincie, Gemeenteraad s. s. t. eta teh tanda bangsa priboe mi dihadja sina pipitoeun kana staatkundige politiek (ngahenjeuk nagara). Bisana beres, Raad-raad aja goenana keur abdi-abdi noe leutik teu aja deui ngan kedah kempelan oerang sing beres sing kiat santosa, sareng enja hajang ngamadjo keun noe leutik, noe moendoer, tina lalambe doegi kana prakna.

Broeder Indramajoe. Diadjeun-adjeun teu djol bae. Roepina paus di dieu mah.

Broeder, Radjadesa. Teu patos tarang atoran padjeg kitoe mah. Jaktos matak moendoerna mah. Mangga engke oerang telepepek naruskeun ka noe oeninga.

A. A.

KABAR.

(Tina s. k. Walanda.)

Dalapan las bangsa Koerden kapala pemberontakan geus dipiechan di Angora koe Pamarentah Toerki.

Noeroetkeun bisoleit Directoe Landbouw di Priangan teu meunang ma-wa atawa ngadjoel koemeli noe boeroek koe hileud (knolrup).

Di Maroko aja noe berontak ka Pamarentah Prantjis. Kaom pemberontak nja eta Rifkabijlen baroga mariem djeung bedil-bedil noe araloes. Militer Parasman heran nendjo kabisana Rifkabijlen sakitoe poharana.

Siga - sigana bae marauehanana meunang pakaraug ti oerang Eropa sarta noe ngadjalankeun mariem-mariem oge sigana mah bangsa Eropa. Ajeuna Rifkabijlen teu bisa madjo deui, lantaran balad Prantjis nambahna reana, tapi aja keneh benteng-benteng noe dikapoeng koe kaom berontak.

Koemaha? Naha ngaborongkeun noe kawasa, naha djelema teu keuna koe las teu keuna koe pati.

Ihapi maksodna rek ngabantah deui tapi teu wani pok, pikirna ah, mangsa bode dinja, diri-dirina adjang adjangna.

Kieu geura Oema, kami menta per toeloengan maneh soepaja maneh dja di wakil kami menta dipariksa dokter tangtos bisa diakal kitoe.

Wah, ari djoeragan pirakoe kapan teu kenging dirwakilan ari dipariksa dokter mah.

Bih maneh mah tatjan harti, maneh noe dipariksana koedoe ngakoe agaran kami, djeung njeboet oemoer

Di London aja Complot noe rek maehan Minister Chamberlain.

Wemblejntoonstelling di London tanggal 9 Mei geus dihoeka koe Radja Inggris. Djelema sadoeuja bisa ngadenge omonganana Radja Inggris maake telegram teu wake kawat.

Hidji adjutant-nderofficier di djalan Matraman (Mester) geus ditangkep lantaran ngadjalankeun noe teu oeni djeung boedak awewe oemoer 11 taean.

Dina "Locomotief" aja karangan kiriman njeboetkeun, jen ambenar noe geus 30 taean dinesna koedoe bae pangsoen. Tapi ajeuna rea keneh bae ambenar noe geus 30 taean dinesna masih keneh digawe bae sarta aja noe meunang tambahan gadjih f 200 sagala. Na ieu teh adil?

Pamarentah Hindia bedjana rek ngoerangan gadjih pagawena, lantaran diitoeng-itoeng djoemlahna gadjih pagawe Goeperemen sa Hindia leuwih loba ti batan djoemlahan noeroetkeun salariskoemisi (Koemaha moepakat? Red.).

Ieu [vergadering dilecehan koe kirang langkoeng 45. dihoeka koe djr. Voorzitter taboeh 10. Wakil Pamarentah djr. Wadana kota sareng Djr. M. Politie. Djabi ti eta wakil-wakil pakem pelan sanes, K. W. S. K. B. P. G. H. B. Familiebond, Prijajibbond, B. K. sareng P. R. O.

Djr. Voorzitter njarios jen Pasoendan ngadegua parantos 10 taean, nanging kenging disebat teu moendoer teu madjos, koe lantaran djelema-djelema teu atjan ngaroes resep kana kempelan kempelan, boektina oenggal kempelan sok saeutik pisan noe saromping. Ladjeun ditjarioskeun saga la roepi anoe parantos kadjalankeun taean pengker. Tina hal rebahan-roebahan ti H. B. koe djasana djr. Otto Soebrata ajeuna Pasoendan koe pihak sanes boh tina serah kabat atanapi ti na hal naon bae, rada dianggap diadjeun. Ladjeun njarioskeun tina hal politiek sapertos Handelspolitiek. Staat kundige politiek diterang-terangkeun doegi ka etjesna.

Ladjeun djr. Soetisna sendjaja, njarioskeun tina hal milih pialiden Raad Kabupaten atoran milih anoe sajak-tosna, anoe koemaha noe kedah dipilih. Koe andjeunna diterangkeun pida meluunana sareng hak bakna Raad Kabupaten sapertos padamelan ajeuna noe ditjepeng koe Gestew. Ladjeun diterangkeun deui dina prak-prakanana Raad Kabupaten kasesah sareng kapentinganana. Ditjarioskeun tina hal milih Kiesman atoranana malah nga handjakalkeun waktos pilihan kiesman di Tawangari anoe daratang teh koerang tina 1/4 na padahal tjajah djiwa sakitoe gegekna, atoe kapaksa pilihan teh dibeneem koe koemisi bae halena kekongingan Koemisi meh tjo tjog djeung kabayang oerang.

(Aja samboengana)

KABAR.

(Tina s. k. Walanda.)

Dalapan las bangsa Koerden kapala pemberontakan geus dipiechan di Angora koe Pamarentah Toerki.

Noeroetkeun bisoleit Directoe Landbouw di Priangan teu meunang ma-wa atawa ngadjoel koemeli noe boeroek koe hileud (knolrup).

Di Maroko aja noe berontak ka Pamarentah Prantjis. Kaom pemberontak nja eta Rifkabijlen baroga mariem djeung bedil-bedil noe araloes. Militer Parasman heran nendjo kabisana Rifkabijlen sakitoe poharana.

Siga - sigana bae marauehanana meunang pakaraug ti oerang Eropa sarta noe ngadjalankeun mariem-mariem oge sigana mah bangsa Eropa. Ajeuna Rifkabijlen teu bisa madjo deui, lantaran balad Prantjis nambahna reana, tapi aja keneh benteng-benteng noe dikapoeng koe kaom berontak.

Koemaha? Naha ngaborongkeun noe kawasa, naha djelema teu keuna koe las teu keuna koe pati.

Ihapi maksodna rek ngabantah deui tapi teu wani pok, pikirna ah, mangsa bode dinja, diri-dirina adjang adjangna.

Kieu geura Oema, kami menta per toeloengan maneh soepaja maneh dja di wakil kami menta dipariksa dokter tangtos bisa diakal kitoe.

Wah, ari djoeragan pirakoe kapan teu kenging dirwakilan ari dipariksa dokter mah.

Bih maneh mah tatjan harti, maneh noe dipariksana koedoe ngakoe agaran kami, djeung njeboet oemoer

Di London aja Complot noe rek maehan Minister Chamberlain.

Wemblejntoonstelling di London tanggal 9 Mei geus dihoeka koe Radja Inggris. Djelema sadoeuja bisa ngadenge omonganana Radja Inggris maake telegram teu wake kawat.

Hidji adjutant-nderofficier di djalan Matraman (Mester) geus ditangkep lantaran ngadjalankeun noe teu oeni djeung boedak awewe oemoer 11 taean.

Dina "Locomotief" aja karangan kiriman njeboetkeun, jen ambenar noe geus 30 taean dinesna koedoe bae pangsoen. Tapi ajeuna rea keneh bae ambenar noe geus 30 taean dinesna masih keneh digawe bae sarta aja noe meunang tambahan gadjih f 200 sagala. Na ieu teh adil?

Pamarentah Hindia bedjana rek ngoerangan gadjih pagawena, lantaran diitoeng-itoeng djoemlahna gadjih pagawe Goeperemen sa Hindia leuwih loba ti batan djoemlahan noeroetkeun salariskoemisi (Koemaha moepakat? Red.).

Ieu [vergadering dilecehan koe kirang langkoeng 45. dihoeka koe djr. Voorzitter taboeh 10. Wakil Pamarentah djr. Wadana kota sareng Djr. M. Politie. Djabi ti eta wakil-wakil pakem pelan sanes, K. W. S. K. B. P. G. H. B. Familiebond, Prijajibbond, B. K. sareng P. R. O.

Djr. Voorzitter njarios jen Pasoendan ngadegua parantos 10 taean, nanging kenging disebat teu moendoer teu madjos, koe lantaran djelema-djelema teu atjan ngaroes resep kana kempelan kempelan, boektina oenggal kempelan sok saeutik pisan noe saromping. Ladjeun ditjarioskeun saga la roepi anoe parantos kadjalankeun taean pengker. Tina hal rebahan-roebahan ti H. B. koe djasana djr. Otto Soebrata ajeuna Pasoendan koe pihak sanes boh tina serah kabat atanapi ti na hal naon bae, rada dianggap diadjeun. Ladjeun njarioskeun tina hal politiek sapertos Handelspolitiek. Staat kundige politiek diterang-terangkeun doegi ka etjesna.

Ladjeun djr. Soetisna sendjaja, njarioskeun tina hal milih pialiden Raad Kabupaten atoran milih anoe sajak-tosna, anoe koemaha noe kedah dipilih. Koe andjeunna diterangkeun pida meluunana sareng hak bakna Raad Kabupaten sapertos padamelan ajeuna noe ditjepeng koe Gestew. Ladjeun diterangkeun deui dina prak-prakanana Raad Kabupaten kasesah sareng kapentinganana. Ditjarioskeun tina hal milih Kiesman atoranana malah nga handjakalkeun waktos pilihan kiesman di Tawangari anoe daratang teh koerang tina 1/4 na padahal tjajah djiwa sakitoe gegekna, atoe kapaksa pilihan teh dibeneem koe koemisi bae halena kekongingan Koemisi meh tjo tjog djeung kabayang oerang.

(Aja samboengana)

KABAR.

(Tina s. k. Walanda.)

Dalapan las bangsa Koerden kapala pemberontakan geus dipiechan di Angora koe Pamarentah Toerki.

Noeroetkeun bisoleit Directoe Landbouw di Priangan teu meunang ma-wa atawa ngadjoel koemeli noe boeroek koe hileud (knolrup).

Di Maroko aja noe berontak ka Pamarentah Prantjis. Kaom pemberontak nja eta Rifkabijlen baroga mariem djeung bedil-bedil noe araloes. Militer Parasman heran nendjo kabisana Rifkabijlen sakitoe poharana.

Siga - sigana bae marauehanana meunang pakaraug ti oerang Eropa sarta noe ngadjalankeun mariem-mariem oge sigana mah bangsa Eropa. Ajeuna Rifkabijlen teu bisa madjo deui, lantaran balad Prantjis nambahna reana, tapi aja keneh benteng-benteng noe dikapoeng koe kaom berontak.

Koemaha? Naha ngaborongkeun noe kawasa, naha djelema teu keuna koe las teu keuna koe pati.

Ihapi maksodna rek ngabantah deui tapi teu wani pok, pikirna ah, mangsa bode dinja, diri-dirina adjang adjangna.

Kieu geura Oema, kami menta per toeloengan maneh soepaja maneh dja di wakil kami menta dipariksa dokter tangtos bisa diakal kitoe.

Wah, ari djoeragan pirakoe kapan teu kenging dirwakilan ari dipariksa dokter mah.

Bih maneh mah tatjan harti, maneh noe dipariksana koedoe ngakoe agaran kami, djeung njeboet oemoer

PIKEUN SAKOLA!

Kertas gambar anggoeun blinde kaar, sameter f 0,10 id. lambaran, salambar f 0,15 f 0,20 f 0,25

Boekoe gambar (polos 20 lambar f 0,10 Kertas djiid (kopi) salambar f 0,04 Gagang kalam f 0,06

Sabak noe moal peupens f 1,— Kartoe gambar araloes pisan f 0,10

Kartoe tjap "gadjuh" f 0,10 Kartoe whist, sastel f 2,50

Tjet gambar, patlod gambar, pen-seel, boekoe toelisan roepi-roepi, sareng seueur seueur deui kaperloean sakola.

Boekoe A. B. C. f 0,80 goekoe Walanda-Soenda 3 djiid f 3,—

30 Toko Boekoe L. A. LEZER.

HOTEL BANDOENG di SOERABAJA.

Oepami ka SOERABAJA koem di HOTEL "BANDOENG" ditanggal bersih sareng resep. Noe ngoerossua oerang Soenda. Beheerder

L. H. MAKSOEDI

H. I. S. PASOENDAN TASIKMALAJA. Disoebadie koe Goeperemen. Noe bade ngalebetkeun moerangkali ka H. I. S. P., sae tjandak moerangkaliha noe se-poehna ka sakola ngawitan ti kaping 1 Mei '25 (taboeh 9 en-djing). 4 Schoolbestuur Pasoendan.

N. V. Algemeene Levensverzekering Maatschappij "INDONESIA" Kantor loeloege Bandoeng. Bragaweg No. 37/39. Njasa hidji pagoejoeban bab ngalolangkeun arto noe oerang priboe mi, noe ajana pangpajoenana sareng pangloeboerna. Margi Diadegkeun koe Boemi oetra. Dimodalan : : : Ditoengtoen : : : Dioeroes : : : Keur kaperloean Nampi sagala roepi asoeransi djiwa sareng Studiebuuren (tjeng-tjengan keur diadjar). Katerangan noe langkoeng paos moendoet ka Directie sareng agen-agen.

TOKO PASOENDAN STATIONSWEG 33. Keretas djiid, roebak, kiat sae, kandel pangoes salambar 4 (opat) Cent. Enggal ngagaleuh. Wawatjan Soelock Pandji nembe medal pangos f 0.15 roepi-roepi sareng geroesan anggoeun lebaran, enz. Boekoe Hadis miradj K. Nabi f 1,— hidji. Wawatjan Soelock Aboenawas f 0,20

IMPLIK-IMPLIK Nji Djoeminem. Koe K. M. Samboeng Sp. No. 46. (Diwagel dipetik). Anomawi piremip abdi mah sae eta istri teh, oepami jaktos palaj sam poema laki-rabi, kedah djoeragan teh ngoeroes heula eta kasawat. Madkaja bengong bae ngedengkeun eta omongan, aja semoe ngahau euhun aja semoe ngawa kana eta tjara, da katjida manehana ngara sa kaburatanana oepama dipariksa

koe doktor teh, tangtos apekirna teh teu meunang benteu. "Ke heula Pi, kami mah noeroet sakoemaha goejoebna bar, koemaha ramena, naha di oerang geus aja noe rek kawin menta dipariksa heula koe doktor? Pikeun bangsa oerang mah tatjan ngadenge djeung diajana oge estoe aheng, ari kami rek njarang a-noe aheng-aheng teh teu wani saroea bae djeung kami koedoe ngihan ma kam, teu kami mah teu rek miloe ka anoe aheng-aheng, tjenah kami boga panjakit, da djeung kira-kira ieu mah meureun, moal enja maksa-maksa sa njageur-njageur maneh lamoen enja keur katerap eta kasakit, da di-

sawidak, keneh bae bohong saeutik mah da moal euja doktor oge njaho bener kana ngira-ngira oemoer." "Beu, gagal gan ka abdi mah: koe doe ka anoe tara boga panjakit, ari abdi mah kapan sering njeri angen, oepami diparios teh tangtos gagal, bae abdi kedah tjtjing di roemasakit sakoemaha teuing hariwangna." "Ari gegendana mah Wiragoena sienn koe doktor teh, ma'loem oerang kam poeng tara aja pangliaran, noe matak sabisa-bisa nolak kana pamentana doenoengan." "Madkaja ngarti jen koe ieu djalan moal hasil, tapi dasar rea akal pinter kana politik atawa toepa-tipeo lemes

parantina, teu aja Yatarana semoe soeabah, manehna geus ngandoeung akal sedjen anoe ahirna tangtos didjalandeun kalawan hasina. 12 kali boga pamadjikan karereanana beunang toepa tipeo anoe ahirna tangtos, kieu tjontona: Oepama Madkaja boga karep ka hidji awewe anoe kataksir ba kai moal pibeunanggeun; toeloeh ba nitah nanjan ka hidji boedjang ngora ginding dimodalan disoebotkeun jen eta boedjang teh rek mikarep sar ta rea pangabogana, ahirna geus rek njantekkeun kawin eta boedjang teh sina ngabedokeun.

(Aja samboengana).

